



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU YO FLOTE DRAPO YO A DEMI-MA POU ONORE
ANSYEN PREZIDAN JIMMY CARTER**

Drapo yo ap flote a demi ma jiska solèy kouche nan 28 janvye 2025

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo yo pral flote a demi-ma pou onore ansyen Prezidan Jimmy Carter.

"Prezidan Jimmy Carter te demontre respè ak entegrite pandan tout lavi li nan sèvis piblik," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen p ap janm bliye lè m te yon adolesan m te rankontre l nan Buffalo. Li te yon enspirasyon pou mwen ak anpil Ameriken. Panse nou avèk fanmi Carter pandan moman difisil sa a."

Ansyen Prezidan Carter te mouri 29 desanm nan Plains, Georgia. Li kite nan dèy pitit li yo Jack, Chip, Jeff ak Amy; 11 pitit pitit; ak 14 gran pitit pitit.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)